ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№123 (23.281) ● 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 29, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщызэблагъэкІым пэщІэтынымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхущ Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщызэблагъэкІым пэщІэтынымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэрыщызэблагъэкІым пэщІэтынымкІэ комиссэм теухуауэ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн Абдулхаликов Р. З. - Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъыныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр

б) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Воронеткэ И. Н., Тисленко В. М. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м
№76-УГ

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет убзыхуэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщІ кІуэнухэм ислъамым и щыналъэ лъапІэхэу Мэчэрэ Мадинэрэ хьэжы щащІыныжмкІэ ядэІэпыкъун мурадкІэ:

1. 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет убзыхуэ икІи абы хэтхэр къыщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ организацэхэмрэ чэнджэщ етын хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъуну.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м
№43-РГ

(Гуэдзэныр 2-нэ нап. итщ).

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэгъэув акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуқ Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1 «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэгъэув акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуқ Іэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2017 гъэм щІыпІыІэм и 1-р хъэсыху къанэ щымыІэу зэфІигъэкІын хуейщ зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр щрагъаджэ еджапІэ Іэнатіэкэм зи бынхэр екІуалІэ адэ-анэхэм (хабзэкІэ къащхьэщытхэм) ят ахъшэм щыщу щІыхуэу къатехуахэм я Іыхьэр хуапшыныжыным егъэщІыпІа Іуэхуэр.

3. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищын папщІэ.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ! ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м
№211-ГІ-ГІ

● ЗэфІэкІ лъагэ

ЕГЭ-м балли 100 къыщызыхьахэм я махуэ

«Дыгъафіэ къалэ» сабий творчествэмкІэ академием иджыблагъэ гуфІэгъуэ зэхьихьэ щекІуэкІащ. Ар хуэгъэпсауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и курыт еджапІэхэр къэзыухъуэ урысыбзэмкІэ, литературэмкІэ, обществознаниемкІэ баллищэ къызыхьахэр гъэлъэпІэным.

БАЛЛ НЭХЪЫБЭ дыдэкэр къэзыхьахэм яІущІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и Іуэздзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министр **Емуз Нинэ**.

- Иджы хуэдэу екъуІэныгъэ зыІэрызыгъэхьа куэд ди республикэм ЕГЭ-р зэрыщрагъэкІуэкІрэ кьытхуихуакъым. ИкъукІэ дэрэжэгъуэ ин псоми кьыдэфтащ, - зауигъэзащ курыт еджапІэр къэзыухъэм министрым. - Фи щІэныгъэм хэвгъэхъуам и мызакъуэу, фи лъагъуэм ирикІуэ куэдым я дежкІэ щапхъэ фхьхуащ.

Министрыр къыззхуэса ныбжьыщІэхэм ядуэрэшэрац. Дэтхэнэ зыми утыку кьрихьащ ЕГЭ-м баллищэ къызэрыщыпхуэхьынум ехьэлІауэ яІэ Іэмалхэр. КъыщынэмыщІауэ, курыт еджапІэр къэзыухъэр зэдзгъэшащ адэкІэ яІэ мурадхэмкІэ.

- Сэ сыщыгугъыхакъым ЕГЭ-мкІэ мыпхуэдэ балл лъагэхэр къэсхьыфыну, - жеІэ Налшык дзт лицей №2-р къэзыух Егъэн Алихьан. - ФІыщІэ хузощІ мы кьэпщытэныгъэ гугъуэхм зыхуэзгъэхьэзыфыхуКІэ кьызбгъэдэтахэмрэ сэбэп кьысхуэхъуахэмрэ. КъыхэзгъэщхьэхуКІыну сыхуейщ КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэмрэ республикэм и егъэджэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІ егъэджакІуэхэмрэ. Сэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым сыщІэтІысхьэну сиурадщ, ар къэзухмэ, ди щІыналъэм сыкъыщыынэжынурэ си лъахэм сыхуэлэжьэнущ.

ГуфІэгъуэ зэІущІэм и кІэуэхыу экзаменхэм балли 100 къыщызыхьахэм Емуз Нинэ яритащ ФІыщІэ тхьилъхэр.

КъищынэмыщІауэ, зэІущІэм кьрихьэлІащ КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Хьэсанэ Ислъам, республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и кьуэдзэ Геккиев Сулътан, «ДыгъафІэ къалэ» сабий творчествэмкІэ академием и директор Кирин Александр, министерствэм и кьудамэхэм я унафэщІхэр.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Мылъку зегъэкІуэным топсэлъыхь

КЪБР-м и премьер-министр Мусуков Алий иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ бюджетым халъхьэ мылъкур зегъэкІуэныкІэ, финанс, бюджет, налог жыпхъэр гъэзэщІэным кІэлъыплъыныкІэ комиссэм хэтхэм я зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КЪБР-м и Правительствэм и экономикэ блокым и унафэщІхэр, а Іэнатіэм епха щыналъэ Іуэхущ Іапі эхэм, кьалэ, район администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ мэкъумэшщІапІэхэм техьэ бзджэнд уасэм и Іуэху зыІутым, мэкъумэш Іэнатіэм пыщІа Іуэхущ Іапі эхэм къабгъэдэкІыу республикэм и бюджет зэхэтым кІуэ налогыр нэхъыбэ щІыным.

ЗэІущІэм кьыщыпсэлъащ КЪБР-м щыІэ УФСН-м и унафэщІым и кьуэдзэ Лыпневэ Наталье, КЪБР-м Финансэмкіэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщІ Чеченов Вячеслав сымэ.

КЪБР-м и экономикэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ мэкъумэш Іэнатіэр. ВРП-м абы щеубыд процент 17,4-рэ. Мэкъумэшхэкі кьыщІэгъэкІынымкІэ УФ-м 37-нэ увыпІэ щиныгъщ ди республикэм, КИФЩІ-м - ещанэр.

АПК-м щылажьэхэм ирата субсидиер блэкІа илъэсым сом зы мелардрэ мелуан 800-рэ ирикъуащ. 2015 гъэм кьрибыдэу мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм я хэхъуэр сом мелард 14-рэ мелуан 273-рэ хъуащ (2014 гъэм еплъытмэ, процент 20,6-кІэ хэхъуащ). Абыхэм КЪБР-м и бюджет зэхэтым халъхьа налогыр блэкІа илъэсым елъытауэ процент 21,1-кІэ нэхъыбэщ, ар сом мелуан 204,9-рэ мэхъу.

Финансэмкіэ министерствэм къызэхуэсахэм я пащхьэ кьрилъхьащ гъавэщІапІэхэм я уасэр къэпщытэныжмкІэ ведомствэр зыхуэкІуа Іэмалыр, муниципальнэ щІынальэхэм я бюджетым зэрыхэбгъэхъэуну щІыкІэр.

Къэпщытэныгъэр щрагъэкІуэкІым кІэлъыплъащ щІым техуэ уасэхэмрэ ар зэрагъэув щІыкІэмрэ, апхуэдэ хэхъуэм и хэкІыпІэхэри яубзыхуащ.

Налогхэр и чэзум тыным кІэлъыплъыныр щІэгъэхуэбжьэным, гъавэ зытращІэ щІым я уасэмрэ къытрах хэхъуэмрэ гъэ къэс къэпщытэным, бдзжэнд зэгурыІуэныгъэ зэрызэращІылІэр зэхэлъхьэным теухуауэ пщэрылъхэр яубзыхуащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Абы дегъэпІейтей

ЩІэблэр наркотикым и бийщ

Мэкъуауэгъуэм и 27-м ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадзэм «ЩІалэгъуалэр наркотикым и бийщ» фІэщыгъэм щІэт зэхьихьэ щекІуэкІащ.

НАРКОМАНИЕМ и «хъым» ихуэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. КъызэрахутамкІэ, ар зрахьэлІэу дуней псом тетыр цІыху мин щитІым ноблагъэ. Абы гъащІэу, унагъуэу зэтрикъутэр бжыгъэншэщ.

КЪБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и ЛыкІуэр къызэхуэсахэм ехъуэхъури, къэкІуэнур зейхэр кьимыкІуэту, Іуэхуфіхэм тегушхуэрэ льагапІэщІэхэр зрагъэхъулІэу, нэхъыжьхэм я чэнджэщ щхьэпэхэр я щІэгъэкъуэну дуней мамырым щыпсэуну захуигъэзащ.

Дин лэжьакІуэ Осипов Константин и къэпсэльэныгъэр наркотикым кьишэ зэраныгъэм теухуат.

- Наркоманиер щІалэгъуалэращ зи узыфэр, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, наркотик зэзыхьэлІэхэр я ныбжь хэкІуэтэху псэуркъым. Абы кьыхэкІыу зи щІалэгъуэм гъэзгу захуэ кьыхихыным, иужькІэ зыхущІегъуэжын Іуэху имылэжьыным и мыхьэнэр инщ. ЦІыхум унагъуэ зэригъэпэщу бын кьыщІэхъуэхущ зиужьыну, и щхьэ егугъужьыну щыхущІыхьэр, а пІалъэр блэбгъэкІынкІэ Іэмал иІэкъым. Абдежым зэбгъэгъуэт щІэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэщ уи быным иужькІэ яб-гъэдэплъхьэнур. Ди щхьэ кьищынэмыщІауэ, цІыху щхьэхуэхэм, ди унагъуэм исхэм, республикэм, къэралым дызарыхуэщхьэпэным яужь дитын хуейщ, - жиІащ Осиповым.

Хьэпъэ щхьэпэтыныгъэ кІапсэ зэпекъуМкІэ ирагъэкІуэкІа зэпеуэм хэтахэр саугъэтхэмкІэ ягъэгуфІащ. Ныбжьыщ Іэхэр наркотикым зэрибийр кьызытещ сурэт гъэщІегъуэнхэм я гъэлъэгъуэныгъи екІуэкІащ.

«Амикс» гупым хэт Амщокъуэ Амырхъан, «Глория»-м и къэфакІуэ щыкІуэкъм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щеджэ Бозий Миланэ сымэ, нэгъуэщІхэми ягъэзэщІа уэрэд, кьафэ дахэхэмкІэ кьызэхуэсахэм я гукъыдэжьр кьаІэтащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэкіужьыну яужь итщ

Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкІэхэрефІэкІуэж хуэдэу хъуащ.

«Дэ ди жагъуэ хъуащ къэхъуар икІи, Іэмалыншэу кІапъытэмэ, кхъухьлъатэм и уасэр дыпшынысжыфынущ. КъэралитІри хуейщ я зэхущытыкІэхэр тэмэм хъужыну. СызэригугъэмкІэ, абыхэм фІы и лъэныкъуэкІэ захъуэжыну», - апхуэдэу дыгъуасэ жиІащ Тыркум и премьер-министр Йылдырым Бинали.

УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий зэрыжиІамкІэ, Эрдоган Путиным кьыхуитха тхыгъэм кьыхощ урысей кхъухьлъатэр кьыззэрыраудыхар я жагъуэ зэрыхъуар икІи хуагъэгъуну йолъэІу.

Йылдырым Бинали журналистхэм щепсалъэм кьыхигъэщащ Урысей Федерацэмрэ Тыркумрэ я президентхэр махуэ гуэгъуэныгъэхэр абы кьрикІуэну зэрыщыгугъыр.

Сом щитІи минитІи къыдагъэкІынущ

2017 гъэм и кІэухым ирихьэлІэу ахъшэщІэ кьыщыдэкІынущ Урысей Федерацэм.

Сом 200, 2000 хъу тхыльымпІэ ахъшэ зэкІэрытхэр кьыдэгъэкІыным теуха унафэ зэращІар жиІащ УФ-м и Банк нэхъыщхьэм и унафэщІ Набиуллинэ Эльвирэ. А ахъшэхэм тетыну сурэтхэр кьыхахыныр ди Іэралым и цІыхухэм кьыхалъхьэ чэнджэщхэр кьалъытэурэ. Абы папщІэ сайт щхьэхуэ кьызэІуахащ, Твоя-россия.рф фІэщыгъэр иІэу.

«Урысейм щызекІуэ ахъшэхэм кьэралым и кьалэхэм, щыналъэхэм я тепльхэр, я щІыпІэ нэхъ дахэхэр трагъэувэныр хабзэ хъуащ. Мыгувэу кьэдгъэсэбэп хъуну ахъшэщІэхэм тедзэну дамыгъэхэр кьыхэхьыни ди цІыхухэр кьыхьхьэну кьыхудоджэ», - щыжиІащ Набиуллинэм а Іуэхум теухуауэ ита пресс-конференцым.

АхъшэщІэ Урысейм иужьрейуэ кьызэрыщыдагъэкІра илъэсипщІ мэхъу. 2006 гъэм кьэралым щызекІуэу хуежьащ сом 5000 зэкІэрытыр. Нэхъ пасэжу, 2001 гъэм, кьыдагъэкІауэ щытащ сом миныр.

НІ Ф ІЭ

♦**Дунай псым и махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ партизанхэмрэ тылым щэхуу щылэжьахэмрэ я махуэр**

♦**1776 гъэм** иджырей Сан-Франциско (США) кьалэр зыхуэзэ щІыпІэ нэщІыр псэупІэ ящІауэ щытащ испанхэм.

♦**1855 гъэм** Лондон кьыщыдэкІащ «Дейли Телеграф» газетым и ялэ номерыр.

♦**1916 гъэм** уэгум ялэу ихьащ «Боинг» компаниемрэ и кхъухьлъатэр.

♦**1940 гъэм** Луначарскэм и цІэр зезыхьэ Театральнэ институтым и адыгэ студиер кьаухащ Къэбэрдей драмэ театрым и актёр хъунухэм.

♦**1941 гъэм** нэмыщхэмрэ финнхэмрэ я дзэхэр Мурманск кьалэм ебгъэрыкІуащ. Советыдзэхэм щІадзащ Заполярье, Карелие щыналъэхэр хъумэжын.

♦**1957 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Пленумым унафэ кьыщащтащ партым и бийуэ кьалъыта гупыр - Молотовыр, Маленковыр, Кагановичыр, нэгъуэщІхэри - я кьулыкъум тегъэкІыным теухуауэ. Кьуанщагъэу абыхэм ялэжьар Хрущев Никитэ и Іуэху ельыкІэр дамыІыгъыу кьызэрыуварт.

♦**1958 гъэм** Бразилиер дуней псом футболымкІэ и чемпион ялэу хъуащ.

♦**1964 гъэм** кьагупсысащ телевизорхэр зыхуей каналым зэрытрахуэ пультыр.

♦**1984 гъэм** Минск метром и ялэ Іыхьэр лажьэу яутІыпщащ.

♦**1995 гъэм** Москва и кьалэ Думэм кьэралым и щыхьэрым и уставыр кьыщтащ.

♦Франджы тхакІуэ **Антуан де Сент-Экзюпери** кьызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Балъкъэр Юрий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Тыркумэм и президент **Бердымухамедов Гурбангулы** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Машная Ольгэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхъэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щхьэмыж закъуэми джэд хулъэ егъэнщІ.

● Тэрч щыналъэ

Фейдэншэ хъунукъым

Тэрч щыналъэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ, муниципальнэ щІымрэ ар тэмэму кьэгъэсэбэпынымкІэ и управленэм и унафэщІ Наурыз Олег щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, Джылахъстэнейм жызум гъэкІыным зыщрагъэжьынущ.

Иджырей мардэм тету а Іуэхум яужь итыныжкІэ мыбыхэм зэфІэкІ хъарзынэхэр яІэщ, ди щыпІэм щІыпІэ егъэлея зэрыщымыІэхэри абы йоззэгъ. «Жызыум щІэупщІэшхуэ зэриІэр кьэпльытэмэ, абы зезытыжхэр зэи фейдэншэ хъунукъым, щыналъэм и экономикэр егъэфІэкІуэныжмкІэ мыхьэнэшхуэ иІэнущ», - къыжегъэщ унафэщІм.

Жызум гъэкІыным елъэжь щІэныгъэлІэхэм зэрыжаІэмкІэ, гектар 50-м нэс зиІэ предприятэхэм цІыху 20-м нэхърэ мынэхъ мащІэ лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ кьызэрагъэпэщыфынущ, икІи бюджетым сом зы мелуанрэ ныкъуэрэ халъхьэфынущ.

Мы зэманым Тэрч щыналъэм щагъэкІ Испаниемрэ, Италиемрэ, Сербиемрэ, Франджым кьрашауэ щыта жызумей лъэпкъыфІхэр. Ахэр илъэс куэдкІэ яхуэлэжьэнущ, ягъэбзэгуэни ахуэзфІэкІынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гъэмахуэ хъупІэхэр къапоплъэ

Мы зэманым и гуащІэгъуэу йоклуэкІ Хьэмащэ, Аурсэнтх, Сукан гъэмахуэ хъупІэхэм ІэщІыр дэшыным теухуа лажьыгъэр. Фигу къэдгъэкІыжынщи, КЪБР-м и Іэщ ихъуэхэм ейуэ нэгъабэ а щІыпІэхэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Іэщ мини 160-м щІигъу яшауэ щытащ. Мы гъэм а бжьыгъэм фІыуэ хэхъуащ. «КЪБР-м и гъэмахуэ хъупІэхэр» унитарнэ къэрал Іуэхущ Іапі эм и нэІэм щІэту хъупІэхэм лажьыгъэ щекІуэкІащ Іэщыр щыхъуэкІуэну щІыр тэмэму къэгъэсэбэпыным, лажьакІуэхэр зыщІэсыну унэхэр зыхуей хуэгъэзэным, гъэш кьашым елэжьыным теухуауэ.

Іэщ дохутырхэр щыпІищми щылэжьэнущ. Ахэр кьызэгъэпэщащ зыхуеину хущхьэгъуэгъэхэмрэ Іэмэпсымэхэмкіэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м кьыдигъэкІа Унафэ №43-РГ-мкІэ кьищтащ

2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу хьэжыщІ кІуэнухэм ядэІэпыкъунымкІэ КЪЫЗЭГЪЭПЭЩАКІУЭ КОМИТЕТЫМ ХЭТХЭР

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафащ*Іыр (къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ)*

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщым и къуэдзэщ)*

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Ахматов Н. Хь. - «Мамырыгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр псапащІэ жьлагъуэ фондым и унафэщІэр *(эгъурыІуаУ)*

Бахъуэ А. Хь. - Іэнтхъуэшапхъуэхэм я Іуэхухэмкіэ федеральнэ къулыкъуІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщым и къуэдзэр *(эгъурыІуаУ)*

Бэдзыбэ Ю. М. - Кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерству Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм Гъуэгухэм ыкІыпІэуэнщэу щызекІуэныкІэ и кьэрал инспекцэм и Управленэм и унафэщІэр *(эгъурыІуаУ)*

Бесчокъуэ А. Ш. - Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщІэр *(эгъурыІуаУ)*

Геркоков Д. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан, жьлагъуэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьынымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарыр)*

Дзасэжь Хь. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и МусЛъмэнхэм я дин Іуэхущапіэм и тхьэмадэр *(эгъурыІуаУ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Къуажей А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм кьэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІыр

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхьэ коммуникацкэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІыр

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІыр

КІурашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан, жьлагъуэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьынымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Пагуэ Ж. А. - Щэхакіуэхэм я хуитыныгъэхэр зыхъумэныкІэ щІыхум зэІуэпэщ псэукІэ кьыхуэзгъэпэщыныкІэ я Іэнатіэм щыкІэлъыпІэныныкІэ федеральнэ къулыкъущапіэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІэр *(эгъурыІуаУ)*

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан, жьлагъуэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьынымрэ щІыхьэ кьыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІэр *(эгъурыІуаУ)*

Пугачёв А. Н. - «Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущапіэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и ГъунапкъэхъуМэ управленэ» федеральнэ кьэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм и унафэщІэр *(эгъурыІуаУ)*.

Террорист, экстремист Іуэху зэрамыхуэну мурад зыщІа цІыхухэр гъащІэ мамырым хэгъэзэгъэжьынымкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ комиссэм и Псалъэ

Иужьрей илъэсищым Къэбэрдей-Балъкъэрым хэщІыныгъэ куэд игъуэтащ терроризмэмрэ лей зехьэныкъэ зэрызиубгъуам кьыхэкІыу. Республикэм щыщ щІыху пщІы бжыгъэхэр терроризмэм ихьащ, щІыхуищэхэр игъэгуІащ, я щыІэкІэ-псэукІэр зэтрикъутащ. Иджы щэч хэлъыжкъым ди щІалэгъуалэр зыщІэзыубыдэ экстремизмэм зиубгъуныр ислъамым и хабзэхэм «зыкъуэзыгъапщкІуэ» дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм я Іэужьу зэрырщытым.

НОБЭ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ кьэрал кІуэныкъущапіэхэмрэ зэуІуу зэфІах Іуэхугъуэхэм я фЫыгъэкІэ, Іэмал щыІэ хьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыІэкІэпсэукІэм, экономикэм заужьыну.

Террорист, экстремист Іуэху зэрамыхуэну мурад зыщІа цІыхухэр гъащІэ мамырым хэгъэзэгъэжьынымкІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэ комиссэм зауигъаз хабзэм кьемыззгъыу Іэщщкіэ зэщІэузэда гупхэм хэтхэм щІэныгъэ гъэзэжьыр кьагъэнэну, зыкІи пхузмыгъэзэхуэну лъыгъажэр щагъэтыну, фІэкІыпІэ зимыІэу кьалъыхъуэкІыжыну бэлыхьхэм я щхьэрэ я Іыхьлыхэри щагъэмуэну, мамыру я унагъуэхэм етІысылІэжьыну.

Хабзэр кьыззэпудыну гурыпІэ зиІэхэм, гуп зэщІэузэдахэм хэтхэм щыпсэункІэ, ерыскъыкІэ, хущхъуэкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуэхми я Гъуэгум кьытекІыну захудогъазэ.

Зекіуэ хабзэхэм ябгъ иткІэ, комиссэр ядэІэпыкъуфынущ terrorpricт зэгухьэныгъэхэм кьыхэкІыжыну хуейхэм икІи абыхъэм уголовнэ жэуап ирамыгъэхьыныкІэ сэбэп яхуэхъуфынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу комиссэр шэсыпІэ йоувэ апхуэдэ цІыхухэр террорист Іуэху зехьэным хэпшэхъуэ зэрыхъуа щІыкІэр наІуэ къэщІыным захуагъэпэ хабзэмрэ тету зэрыбгъэдыхьэкъунмкІэ.

Фыкъыхудоджэ апхуэдэ Іэмалыр къэвгъэсэбэпу гъащІэ мамырым фыхуэкІуэжыну, фи адэ-анэхэм, бынхэм, фи кьэкІуэнум я хьэтыркІэ.

Комиссэм хэтхэм фи щхьэкІи зыкъыхуэвгъазэ хъунущ, фи Іыхьлыхэмкіэ, цІыхухэхэмкіэ, адвокатхэмкіэ зыкъэдвгъащІэ е Интернеткіэ, пощткіэ, телефонкІэ лъэІу тхылъ кьытІэрывгъэхьэ хъунущ.

Комиссэм и хэщІапІэр:

Пощт адресыр: 360028, КъБР, Налшык къ., Ленины и уэрам, 27

Электронэ адресыр: komissadapt@mail.ru

Телефонхэр: 8(8662) 40-97-40, 40-31-35, 40-42-87.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Лэжьапіэншэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным хуэунэтІа хэкІыпІэхэр къалъыхъуэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозий Натбий иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІуэщІэр.

АБЫ КЪЫЩАІЭТА Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ лэжьапІэнэшэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэныр, апхуэдэу ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ цІыхухэм Іэщщагъэ пыухыкІэхэр егъэгъуэтынымрэ ахэр хэхъуэ гуэр кьыщалэжьын Іэнатіэхэм гъэувынымрэ.

КъБР-м лжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** депутатхэм я пащхьэ щиІа докладым зэрыщыжиІамкІэ, лэжьапІэнщэхэм я бжыгъэр ягъэмэщІэн папщІэ ди дежь кьыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм лэжьапІэкІэ ядэІэпыкъунымрэ» 2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа кьэрал программэ. Я программэм гъэзэщІэным дыздэкІуэм и закъуэ сом мелуан 357,9-рэ трагъэкІуэдэнущ (абы щыщу сом мелуан 214,8-р федеральнэ бюджетым и ахъшэу, сом мелуани 143,1-р КъБР-м и республикэ бюджетым и ахъшэу).

Министрым зэрыжиІамкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымкІэ органхэм щатхауэ 2016 гъэм мэлыхьыхьым и 1-м ирихьэлІэу цІыху лэжьапІэншэу 9437-рэ щыІащ. Ильэсым и пэщІэдзэ лъандэрэ Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуащІэну щІэлъэІуу КъБР-м цІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ и органхэм зыкъыхуэзгъэзэхэр цІыху мини 7,8-рэ мэхъу. ЛэжьапІэ пІуныкІаІэхэм увыным хуэгъэзэауэ кьэрал Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр цІыху мини 4,7-м хуащІащ, лэжьапІэхэм я рынокым иджыпсту щыщыІэ щытыкІэм щыгъуазэ ящІащ цІыху мини 3,5-рэ. ЦІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ органхэм закъуэзгъэзэхэм иджыпсту нэщІу щыт Іэнатіэ, кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэу мини 3,2-рэ хуагъэпъэгъуащ.

2016 гъэм мэлыхьыхьым и 1-м ирихьэлІэу республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ кьата заявкэхэм ятепщІыхьмэ, абыхэм псори зэхэту лэжьакІуэ мини 3,3-рэ яхурикъуркъым. Сыт щыгъуи хуэдэу, нэхъ зыхуэныкъуэхэм ящыщщ работэ Іэщщагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ-хэр (процент 79-рэ). Іуэхущапіэхэм кьащтэну лэжьакІуэхэм я процент 85-м щІэныгъэ Хьуран Хьэжмуридрэ Тевъэ Хъанбийрэ, райисполкомым и унафэщІу лэжьа Хьэкъун Мухьэдин, яп трактористхэу Индэрокъуэ Аслъэнбийрэ Балъкъэр Блутірэ, мэкъумэшыщІэ пажэжэу, урысейпсо мэкъумэш выставкэм ягъэкІуахэу Кьэрэгъэзэж Кусинэрэ Хьэбыгіэжь Быцинэрэ, колхозхэт пажэхэу Бекъшокъуэ Хьызыр, Шакъ Астемыр, Хьэкъун Хьанджэрий сымэ. Мы иужьрейщым нэмыщІэ зэрыпхъуакІуэхэр кьыщыІттеуам колхоз Іэщыр бийм Іэрамыгъэхьэн папщІэ Осетие Ищхьэрэм мэз защІокІэ яхуауэ щытащ. Фэепльым апхуэдэу и цІэр кьытощ педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор Шэрдэжь Марие, рейхстагыр къэзыщтахэм яхэта Мэремыкъуэ Ахьмэдхъан сымэ я цІэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Электросетхэр

Дэтхэнэми киловольт 400 и лъэщагъщ

Электросетхэр зэгъэпэщыжыным пыщІа Іуэхугъуэхэм хыхьэу, «Къэббалъкъкоммунэнерго» МУП-м Налшык Толстойм и уэрамым трансформатор подстанциищІитІ щигъэуваш, абы кьегъэщІыпІа щІыпІэхэмрэ Кэнжэ къуажэм Андреевым и цІэр зезыхьэ и уэрамымрэ токыр ирикъуу ятегущІэнэм теухуа лэжьыгъэшхуэм щІадзэн папщІэ. Трансформатор подстанцэм дэтхэнэми киловольт 400 и лъэщагъщ.

КЪИЩЫНЭМЫЩІАУЭ, электрокъэрур нэхъыфІу яІэрыхьэн щхьэкІэ, Щорсым, Рыбалкэ, Арманд сымэ я цІэкІэ зезыхьэ уэрамхэм километр 1,5-м щигъуэм кьызэрыгуэкІ ток кІапсэхэр фэ зытелъым хуэдэкІэ щахъуэжащ. Уэгу линэхэр нэхъ тыншу зэрахьэн, жьапщэшхуэхэм я зэран емыкІын папщІэ, Кировым, Рыбалкэ, Арманд, Къэбэрдейм я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм, ПсыкІэху (Белэ Речкэ) кьуажэм жьгъэр щахъхъэнщІащ.

АНЗОР Олег.

● Аруан щІыналъэ

Къуажэм и тхьдэ

Псынабзэдэхэр мы мазхуэхэм Іуэхугъуитікіэ ягъэгуфІащ - къуажэм кьыщызэІуахащ Щэнхабзэмкіэ унэрэ абы и Іэгъуэблагъэм итыну фэеплъыщэ.

ДЖАФЭУ икІи екІуу ягъэжа мывэ пкъоиущ Іупщіу тетхауэ тетщ Псынабэ жьыла-гъуэм и зыужьынагъэм зи гуащІэрэ зи кьарурэ хэзыльхьа щІыхухэм я унэцІэхэр. «Мыбыхэм я цІэр - къуажэм и тхьдэщ» зыфІаща фэеплъыр ягу кьэзыгъэкІар «Псынабэм и тхьдэ» тхылъыщІ. Ар зытхар журналист - Гъуэлпащіэ Заудинщ. Абы ихуат Псынабэр жьлагъуэ щхьэхуэу щытІысса лъэхъэнэ жьжьхэхэм кьыщегъэжьауэ ди нобэм кьэсыху зи цІэр фІыкІэ кьраІуа къуажадэсхэр. Арщхьэкіэ стелэм ихуар цІыху 93-м я унэцІэрщ. Абыхэм ящыщщ КПСС-м и райкомым и япэ секретарь кьулыкъур зыІыгъа Хьуран Хьэжмуридрэ Тевъэ Хъанбийрэ, райисполкомым и унафэщІу лэжьа Хьэкъун Мухьэдин, яп трактористхэу Индэрокъуэ Аслъэнбийрэ Балъкъэр Блутірэ, мэкъумэшыщІэ пажэхэу, урысейпсо мэкъумэш выставкэм ягъэкІуахэу Кьэрэгъэзэж Кусинэрэ Хьэбыгіэжь Быцинэрэ, колхозхэт пажэхэу Бекъшокъуэ Хьызыр, Шакъ Астемыр, Хьэкъун Хьанджэрий сымэ. Мы иужьрейщым нэмыщІэ зэрыпхъуакІуэхэр кьыщыттеуам колхоз Іэщыр бийм Іэрамыгъэхьэн папщІэ Осетие Ищхьэрэм мэз защІокІэ яхуауэ щытащ. Фэеплъым апхуэдэу и цІэр кьытощ педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор Шэрдэжь Марие, рейхстагыр къэзыщтахэм яхэта Мэремыкъуэ Ахьмэдхъан сымэ я цІэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сыт щыгъуи я нэІэ тетщ

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и Управленэм и лэжьакІуэхэр, ведомствэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и унафэщІ Тхьэзэплъ Хьэсэнрэ секретарь Тхьэщыгугъ Эллэрэ щыІащ зи кьалэн зыгъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэхэм я унагъуэхэм. Дэтхэнэ унагъуэми апхуэдэ гулъытэгъ гуапэ ящыхьащ.

УВД-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэр бысымхэм епсэльащ я щыІэкІэпсэукІэм теухуауэ.

Илъэсий хьу Дианэ хьэщІэхэм яжриащ сурэт щыным зэрыдихьэхыр, абы зэрыхуеджэр, уеблэмэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэр къаригъэльэгъащ.

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэзэплъ Хьэсэн пщащэ щІыщІэрщихьэлІащ. Илъэс 13 зи ныбжь Мурат кьажриащ полицэм и офицер хъуну зэрыхуейр, абы щхьэкІэ фІыуэ зэреджэр, спортым зэрыдихьэхыр. ХьэщІэхэм ныбжьыщІэр кьыхъэгугъащ гантель къыхуащхьуну.

ХэкІуэда хабзэхъумэхэм я унагъуэхэм ящыщхэм Тхьэзэплъ Хьэсэн яжриащ Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІэхэр, Жылагъуэ советыр сыт щыгъуи ядэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр.

Унагъуэхэм ахъшэ, сабийжэм Іэфыкіэ ираташ.

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и Управленэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КъБР-м и прокуратурэм

Хабзэр кьызэпауду ядэркъым

Прохладнэ къалэм къэрал къэпщытэныгъэ щыщагъэкІуэкІым Къэбэрдей-Балъкъэрым Потребительскэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іуэхущапіэм и щІыналъэ къудамэр Іэнатіэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным теуху федеральнэ законодательствэм зэрытетар щІыпІэ прокуратурэм зэхигъэкІащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, «Мастер-Дент» ООО-р кьызэрапщытам кьэрикІуэхэр щатхым «Къэрал къэпщытэныгъэр (кІэлъыплъыныгъэ) муниципальнэ къэпщытэныгъэрэ щагъэкІуэкІкІэ Іэнатіэхэмра щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я хуитыныгъэхэр хъумэным и Іуэхугъуэм ятеуху кэгъуэщІ документхэмра кьыщагъэльэгъуакъым.

Іуэхур зэхагъэкІа нэужь, кьыщІагъэща ныкъуасныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну, къуаншэхэр дисциплинэ жэуапым ирашэлІэну яхуэзыгъэув тхылъ щІынальэ потребительскэ Іуэхущапіэм и унафэщым хуагъэхьащ.

Судкіэ кьыІахьж

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щІидзащ 1981 гъэм къалъхуа налшыкдэс цІыхубзым хуэгъэзащІэ кьызэІуахуа уголовнэ Іуэхумкіэ тхылъым. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 198-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм кьыщыгъэльэгъуа щІэпхъаджагъэ илъэныкъуэ (налогышхуэ щІиуфауэ).

СЛЕДСТВЭМ кьызэрихутамкІэ, ищІа тхылъымпІэ лъапІэхэм кьапэІуа хэхъуэм щыщу сом мелуани 7,9-рэ абы налогыу итын хуеящ. Ауэ, хабзэр кьызэпиудри, налогхэм я бюджетым ар хилъхьакъым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Следствэмкіэ и управленэм зэхигъэкІыу зэрагъэкъуаншэ тхылъыр кьащта нэужь, щыхэпльэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэхур Налшык кьалэ судым ирагъащ.

ЩІиуфа мылъкур следствэр щеІуэкІым зэримыпшыныжам хуэзгъэкІуэну, ар кьызэрыІахьыжну иск тхылъкІэ судым зыхуагъэзэнущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Лэжьапіэншэхэм я гъэмэщІэным хуэунэтІа хэкІыпІэхэр къалъыхъуэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Бозий Натбий иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи чэзу зэІуэщІэр.

АБЫ КЪЫЩАІЭТА Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ лэжьапІэнэшэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэныр, апхуэдэу ныкъуэдыкъуагъэ зиІэ цІыхухэм Іэщщагъэ пыухыкІэхэр егъэгъуэтынымрэ ахэр хэхъуэ гуэр кьыщалэжьын Іэнатіэхэм гъэувынымрэ.

КъБР-м лжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** депутатхэм я пащхьэ щиІа докладым зэрыщыжиІамкІэ, лэжьапІэнщэхэм я бжыгъэр ягъэмэщІэн папщІэ ди дежь кьыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм лэжьапІэкІэ ядэІэпыкъунымрэ» 2013 - 2020 гъэхэм ятещІыхьа кьэрал программэ. Я программэм гъэзэщІэным пъэзэщІэным дыздэкІуэм и закъуэ сом мелуан 357,9-рэ трагъэкІуэдэнущ (абы щыщу сом мелуан 214,8-р федеральнэ бюджетым и ахъшэу, сом мелуани 143,1-р КъБР-м и республикэ бюджетым и ахъшэу).

Министрым зэрыжиІамкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымкІэ органхэм щатхауэ 2016 гъэм мэлыхьыхьым и 1-м ирихьэлІэу цІыху лэжьапІэншэу 9437-рэ щыІащ. Ильэсым и пэщІэдзэ лъандэрэ Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуащІэну щІэлъэІуу КъБР-м цІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ и органхэм зыкъыхуэзгъэзэхэр цІыху мини 7,8-рэ мэхъу. ЛэжьапІэ пІуныкІаІэхэм увыным хуэгъэзэауэ кьэрал Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр цІыху мини 4,7-м хуащІащ, лэжьапІэхэм я рынокым иджыпсту щыщыІэ щытыкІэм щыгъуазэ ящІащ цІыху мини 3,5-рэ. ЦІыхухэр лэжьапІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ органхэм закъуэзгъэзэхэм иджыпсту нэщІу щыт Іэнатіэ, кьулыкъу зэмылІэужьыгъуэу мини 3,2-рэ хуагъэпъэгъуащ.

2016 гъэм мэлыхьыхьым и 1-м ирихьэлІэу республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ кьата заявкэхэм ятепщІыхьмэ, абыхэм псори зэхэту лэжьакІуэ мини 3,3-рэ яхурикъуркъым. Сыт щыгъуи хуэдэу, нэхъ зыхуэныкъуэхэм ящыщщ работэ Іэщщагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зиІэ-хэр (процент 79-рэ). Іуэхущапіэхэм кьащтэну лэжьакІуэхэм я процент 85-м щІэныгъэ Хьуран Хьэжмуридрэ Тевъэ Хъанбийрэ, райисполкомым и унафэщІу лэжьа Хьэкъун Мухьэдин, яп трактористхэу Индэрокъуэ Аслъэнбийрэ Балъкъэр Блутірэ, мэкъумэшыщІэ пажэхэу, урысейпсо мэкъумэш выставкэм ягъэкІуахэу Кьэрэгъэзэж Кусинэрэ Хьэбыгіэжь Быцинэрэ, колхозхэт пажэхэу Бекъшокъуэ Хьызыр, Шакъ Астемыр, Хьэкъун Хьанджэрий сымэ. Мы иужьрейщым нэмыщІэ зэрыпхъуакІуэхэр кьыщыттеуам колхоз Іэщыр бийм Іэрамыгъэхьэн папщІэ Осетие Ищхьэрэм мэз защІокІэ яхуауэ щытащ. Фэеплъым апхуэдэу и цІэр кьытощ педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор Шэрдэжь Марие, рейхстагыр къэзыщтахэм яхэта Мэремыкъуэ Ахьмэдхъан сымэ я цІэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Депутатхэм унафэ кьащтащ **Мамбэт Арсен** - Техникэ Іуэхухэр зэблэгъэкІынымрэ метрологиемкІэ федеральнэ агентствэм и Илпщэ щІыналъэ зэхуакъу управленэм Илпщэ федеральнэ округымрэ Кавказ Іщыхьэрэ федеральнэ округымрэ я республикэхэм кьэрал кІэлъыплъныгъэ егъэкІуэкІынымкІэ и къудамэм и унафэщІым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и къуэдзэм - КъБР-м и Парламентым и Щ1ыхь тхылъыр етыным теухуауэ. Апхуэдэу Социальнэ лэжьакІуэм и махуэм ирихьэлІэу Парламентым и наградэ нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ **Абазэ Эминат** - КъБР-м Лжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм лэжьапІэ Іуэхухэмкіэ и департаментым лэжьапІэ Іуэхухэмкіэ и департаментым лэжьапІэ Іуэхухэмрэ лэжьапІэхэмкІэ рынокымкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІэ-эксперт пажэм, **Карчаевэ ФатІимэ** - КъБР-м Лжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм лэжьапІэ Іуэхухэмкіэ и департаментым лэжьапІэ программэхэмкІэ и къудамэм и консультантым, **Шалатовэ Галинэ** - «Налшык къалэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центр» кьэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм и инспекторым.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Физик щэджащэ Къумахуэ Мурадин и вагъуэ

Нур лІэужьыгъуэщІэ къэзыхута адыгэлІ

Фигу къэдгъэкІыжыщи, блэкІа лІэщІыгъуэм и 70 гъэхэм, 80 гъэхэм я пэщІэдзэм Къумахуэ Мурадин къыхутауэ, иужькІэ игъэунэхуауэ щытащ псынщІэ дыдэу зекІуэ электронэр кристаллым хэбутІыпщхьэмэ нур лІэужьыгъуэщІэ къыззрыунэхур. «Къумахуэм и эффект» зыфІаща дунейпсо щІэныгъэ унэтІыныгъэщІэм и къежьапІэ хъуари араща.

КЛАССИЧЕСКЭ физикэм щыгъуазэ дыззрищІыкІэ, зэщІэзэущ мэскъалым (заряженнэ частицэм) и псынщІагъыр щыщІэбгъэхуабжьэкІэ нэрымылъагъу нурыщІэ кІыхэбзиикІыу щІедзэ.

Электроныр «езыхужь» Іэмэпсымэу физикхэм альэандэрэ къагъэсэбэпу щытар зи радиусыр метрищэ Іэджэ хъу синхротрон абрагъуэхэрат. Къумахуэм и къэхутэныгъэм и фІыгъэкІэ апхуэдэхэр уимыЗмэи хъунущ, псынщІэрыкІуэ электронхэр кристаллым хэбутІыпщхьэмэ.

Мурадин къэзэрухутамкІэ, атом лэрыпсхэм (цепочкэхэм) къагъэщІ пхрыкІыпІэм (каналым) мэскъал зэщІэуэздар щыкІуэщІрыкІкІэ, нур лІэужьыгъуэщІэ кхъэбзиикІыу щІедзэ. АтІэми, кристаллым къыщыхъур куэдкІэ нэхъ «жыІэдэуэщ», синхротронэхэм къагъэщІхэм нэхъыб.

- Кристаллым пчъхьэт электроным зэрызищІым нэгъуэщІынэкІэ епГъэм щыщІэздзар доктор диссертацэр пхыгъэкІыным яужь сыщита 1975 гъэм и гъатхэпэ мазэрщ, - жиІэ-гъат Мурадин 1981 гъэм, «Литературная Россия» газетым щылажьэ, журналист цІэрыІуэ Евсеев Валерий и упщІэхэм жэуап щариты:жьым. - А лъэхъэнэм сызыпэрыта лэжьыгъэр иужькІэ къыззхъуІа къэхутэныгъэхэм я пэублэщ. ИужькІэ нур лІэужьыгъуэщІэм ехьэлІауэ гу зылъыстахэм сэ езыр сыкъагъуэІэбжьыжат. Абы теухуауэ сыщыпсалъэкІи си лэжьэгъуэхэм я фІэщ сыхьуртэкІым. АрщхьэкІэ, а зэманым къыспкърыхьа гупсысэм, псэхупІэ къызимыту, зэпымыууэ сиІыгат. ИлъэситІ дзэгъэкІри, си гукъэкІэр къызідэлажьэхэм я пащхьэ зэхуэхьэсаэу аргуэру щызгъэпсэгъуэщ.

Арати, Къумахуэм и лэжьыгъэр етІуанэу физик цІэрыІуэхэм я пащхьэ ирилъхьащ. Абы мыхьэнэ ин дыдэ зэриІэр япэу къызыгурыІуар Мурадин уцижьІуэу икІи уэзщІакІуэу а зэманым иІа, доктор диссертацэр щыпхигъэкІым и оппоненту щыта, Ленин саугъэтыр зрата профессор **Фирсов Олегщ**.

Абы иужькІэ физик ныбжьыщІэм и Іуэхур дагьІащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и вице-президент **Велихов Евгений**, МКъУ-м и ректор, академик **Хохлов Рем** сымэ, нэгъуэщІхэми. Куэд дэмыкІыу, щІэныгъэ журналхэм къытехуащ кристаллым пхагъэкІ мэскъалхэм «къызыхалыгъуэкІ» нэрымылъагъу «бзийм» и гугъу щищу ешІ Къумахуэм и игъэхъэзыра тхыгъэри.

Мурадин иригъэкІуэкІа щІэныгъэ есэпым крыкІуэрэр къыщащІытэжащ икІи тэмэму къыщащІытащ къыщагъэсэбэп, къалэныхуэхэр щагъэзащІэ. «Къумахуэм и оптикэ» Іэмэпсымэр нобэ къыщагъэІурыщІэ микроэлектроникэм, микромеханикэм, медицинэм, экологием, геологием, хьэрш къэхутэныгъэхэм пыщІа щІэныгъэм, металлургие, атом, щыдагъэ, газ промышленностым, нэгъуэщІхэми. А институтым и лэжьакІуэхэм мыхьэнэшхуэ зиІэу къагупсысахэм ящыщщ медицинэ техникэщІэу «Миникскальпель» рентген Іэмэпсымэмрэ «Минискат» диагностикэ гаммэ-камерэмрэ. Ахэр къызэрежьэу Урысейм медицинэ радиологиемрэ биологиемкІэ и центр пашэу щыт ехьэлІэнІыгъэ яІэу щагъэунэхуауэ щытащ.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: УФ-м Узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьынныгъэмкІэ и министерствэм и радиологие центрым къыщагъэсэбэп гаммэ-камерэм, США-м и «Джен-ерал электроник» фирмэм щагъэхьэзырам, къежьапІащІэ узым «гу щылъитэр» абы и ІэпапІэр миллиметри 5 - 6 хъуа иужькІэщ. Мурадин зи унафэщІу щыта институтым къигупсысам узыр зы миллиметррэ пщІанихрэ фІэкІа мыхъум къыщыхутэф.

«Къумахуэм и эффект», «Къумахуэм и оптикэ» къэхутэныгъэ ин дыдэхэр зи Іэдакъэщ Іэкъым и цІэр дуней псом щыІуащ, къэрал куэдым щыІэ щІэныгъэ академиехэм «ЩІыхьзиІэ и академик», абыхэм я еджапІэ нэхъыщхьэхэм «ЩІыхь зиІэ и профессор» цІэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ, Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и диплом, медаль зыбжанэ къратащ, илъэс 20-м щигъкІэ "Radiation Effects and Defects in Solids» дунейпсо журналым и редактор кулыкІыр зэрихьащ.

- Къумахуэ Мурадин еджагъэшхуэ куэдрей мыхъуу, къэхутакІуэ Іуэзэдджэуи щытащ. Абы и зы дэтхэнэ къэхутэныгъэми (ар теоремэ пыщІами техникэм епхами) и гупсысэ нэхъыщхьэ зэ къэубыдыгъуэкІэ къыбгуригъэІуэсфырт, уэ езым уигу къэкІам хуэдэу. Нэхъапэм щІэныгъэлІ куэд щыІакъым езыхэм я гъащІэм къриубыдэу я Іэдакъэщэкіхэм дунейпсо мыхьэнэ яІэ хъуауэ. Къумахуэ Мурадин а нэхъ ящІакъэм хеубыдэ. Псалъэм папщІэ, щІэныгъэлІым и рентген линзэр техникэ гъэпсыкІэщІэм иту 1984 гъэм игъэлъэгъуауэ щытащ. Ар зэхэзыгъэувам ейуэ 1987 гъэм СССР-м къыщалъытащ, 1993 гъэм США-м и патент къратащ. - жеІэ Мэзкуу щылажьэ, патент зыхуэфащэхэр кьегъэлъытэныжмкІэ ІэщІагъэлІ цІэрыІуэ **Полищук Евгений**.

Къумахуэ Мурадин ядэлэжьауэ щытащ ион-электронхэр къэзыгъэсэбэп оптикэщІэр зыгъэунэхуэхэми. «Техникэм и физикэ» журналым («Журнал технической физики») 2013 гъэм и мэкъуаугъэуэ, щэкІуэгъуэ къыдэкІыгъуэхэм къытрыригъэдзауэ щыта и тхыгъэхэм абы къыщигъэлъэгъуащ ищхьэкІэ зи гугъу тщІа ІэмэпсымэщІэм и ухуэкІэр и лъабжьэу термоядернэ синтезыр уэзыхуей къэнокъуэмкІэ епІуэнтІэкІ зэрыхъуну щІыкІэм и Іэмалхэри.

КЪАНДУР Іэдэм.

Іэбубэчыр и уэсятыр

Хъыбаркіэ ди деж къэсащ адыгэхэм революцэм и пэкІэ ирахьэкІа гъащІэм къыщыхъуа мыпхуэдэ Іуэхугъуэ. 1915 гъэм урыс-герман фронтым къикІри адыгэ сэлэтым и цІэкІэ Анзорей къэкІуат штабной писарым къитха письмо. Ауэ зауэлІым и Іуэважэгъуэхэм яхуиІуэтэну зыхуеяр лэсэкэндэсхэм къахуэщІакъым - абы къеджэфыну зы цІыху закъуи къуажэм къыдагъуэтакъым... Хэку зауэшхуэм щыщІидза махуэм ирихьэлІэу еджэкІэ зымыщІэу ди жылэм дэсари мащІэкъым.

МУРАДИН и адэ Къумахуэ Іэбубэчыр зауэм щыдашым и щхьэгъусэм жриІауэ щытащ:

- Къэзмыгъэзэжмэ, уигу игъэлъ мы зыр - сабийхэр егъаджэ, уэри гугъу зегъэхь. Къэралымрэ цІыхухэмрэ къыбдэІэпыкъунщ...

Іэбубэчыр и щхьэгъусэ КІуэз дунейм тетыху зэи игу ихуакъым а махуэ гузэвэгъуэри и щхьэгъусэм къыжриІауэ щыта псалъэхэри.

А псори КІуэз и къуэ нэхъыщІэ дыдэ Мурадин и гум къыззринар иужькІэ яІуэтэжу зэхиха псалъэмакъкІэщ. Ар Іэплім тес сабий быдзафэт, Сталинград и Іэхэлъахэм къикІыу и адэм къитха иужьрей письмор унагъуэм къащыІэрыхьам. Іэбубэчыр быиных къыщІэкІыу зауэм щашам и ныбжьыр илъэс 50-м щІигъуа къудейт. Башир, Мухьэдин, МуІэед, Анусэ, Тося, Мурадин сымэ я адэм къигъэззэжакъым.

Зы илъэс иримыкъукІэ 8-нэ классым дыщыззеджауэ щытащ Мурадинрэ сэрэ. Абы и лъакъуэр икъутэри, Долинск щыІэ «Лесная школа» сабий санаторэм илъэситІкІэ и еджэным щыпищауэ щытащ. Ауэ щІалэр узым текІуащ: абы хуэм-хуэмурэ зриІэсэжащ япэщІыкІэ къэтІысыфу, иужькІэ къэтэджэрэ щытыфу, къикІухьыфу. Унэм къигъэзэжа щхьэкІэ, абы иджыри хуиту зигъэхъей хъуртэкъым.

Мурадин гугъу ехьырт. АрщхьэкІэ, сыт щыгъуи хуэдэу, КІуэз зыми хуидэртэкъым щІалэ цІыкІур мыхъужьыкІэ шэч ищІу.

«Анэм хэлъ апхуэдэ фІэщхъуныгъэм езы Мурадин и ерыщагъыр къыхьихьэжри, щІалэ цІыкІур къызэрфІэувэжащ» жыпІэми егъэлея хъуну къыщІэкІынкъым. АрщхьэкІэ, и ныбжьэгъуэхм зэхаублэ джэгуэм хьыжэу дзыхь имыщІ хъуати, зэштеГъэпІэу иІэр тхылъ закъуэрат. Пэжщ, Мурадин ипэхэми тхылъхэр фІыуэ иІыгъурт. Ауэ иджы кьыпэщІэхуэр нэхъ ерыщу щІиджыкІ хъуат.

Абы къыдэкІуэри, Мурадин и хьэлэгъу ныбжьэгъуэхм закъыкІэримыгъэхун папщІэ, и Іэпкъльэпкъэр «ипсахьу» хуежьащ. Куэд дэмыкІыу, школым щІэс цІыкІуэхм льэнкІи къэжэнкІи ятекІуэу ежьэжащ. А псом я гущІыІужкІэ, щІалэ пІащхэжми тІэкІу щІыкІуІуэхэми Іапщарыбанэкіэ ятекІуэу щытащ. ГъащІэгъуэнкъэ атІэ ар, еджэным зэрыхэззагъэм и мызакъуэу, «сысымэджащ, сыгуащІэмащІэщ» жимыІэу, езым нэхърэ нэхъ инхэр Іэкіэ игъэтІылъыфу зэрыщытар.

КЪУМАХУЭ Борис.
Лэскэн ЕтІуанэ къуажэ.

Зыми емыщхь, псоми ефІэкІ

Школым щыщІэса ильэсхэм Мурадин философиеми дихьэхыр. Абы теухуа тхыльхэр къезыгъэхьу щытар Мэзкуу дэс и къуэш Мухьэдинт.

ЗэГУЭРЫМ Мурадин къыІэрыхьащ абы ипэкІэ зэи имылъэгъуа тхылъ - «Атомнэ ядром и физикэ» жыхуиІэр. Арагъэнущ езыгъэгупсысар щхьэкъэІэт имыІэу еджэн зэрыхуейми дяпэкІэ гъэщІагъэн куэд зэрызригъэщІэфынуми.

Къуажэ школым фІыуэ зэрыщеджам и щапхъэщ мыри. Пушкин Александр усэкІэ ихта «Евгений Онегин» и романым триухуа сочиненэр Ленинград щрагъэкІуэкІауэ зэпеуэм хагъэхьати, зы щыуагъэм къыхамыгъэкІауэ, нэхъыбФІ дыдэхэми хабжауэ, къыргъэхьыжауэ щытащ.

Мурадин кърат дерсхэм теухуауэ езыгъаджэхэм щхьэхуэу ядэуэршэрын фІэфІт. Ярит упщІэхэм жэуап кърамытыжыфу ахэр щыхигъэгупсысыхь куэдрэ кхъэхурт.

Си кхуэшым дэслъэгъуауэ щыта хьэл-щэн нэхъыфІхэм ящыщщ, балигъ хьуауэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуи къыщыкІауэ, къуажэм къыщыкІуэжхэм деж псэльэрйуэ зэрыщымытар. Къумахуэхэ дыззэдзгушыІэу дыщызэбгъэдэсхэм деж, кьыдбгъэдэтІысхьэни къыдэдаІуэу щысынт.

Телъыджэу дэслъэгъуахэм ящыщщ мыри: гушыІэ гуэр зэхедгъэхамэ, ину икІи зэрылъэлъу дыхьэшхырт.

Кхуэзрыгуэкі сэмэркъом апхуэдиз гукъыдэж кхыщІритым и щхьэусыгъуэр схуэзэкмыгъэкІыу куэдрэ сыщыззэупщІыжаи кхъэхуащ. Ауэрэ кхуэзгурыІуащ: Мэзкуу щыщыІэхэм деж, Мурадин и акъылыр нэхъыбэу зытриухуэу щытар щІэныгъэ лъагэм епха гупсысэхэрат. Арагъэнут, «кхуэзрыгуэкІ дунеим» - кхуэзнэхукІэ «щымыщхэр» телъыджащэ щыщІыхьэри зыхуэмыубыдыжу икІи гукІыгуКІыу щІэдыхьэшхри.

К ъ ы щ ы х ь эр ы Г у э ж х э м ифІэфІт диГуэсну. КхуэзэупщІырейт: «Мохэр дауэ хъуа, мыхэр дауэ щыт?» - жиІэрти. Зи гугъу ищІхэм я Іуэхуэр дэгъуэмэ, гъэзгу тэмэм кхуэхахауэ зэхихмэ, и гуапэ хъурт икІи хуабжьу гуфІэрт.

Мыри Мурадин хэлъа хьэл-щэн нэхъыфІхэм ящыщщ. Аспирантурэм щыщеджа ильэсхэм боксым дихьэхауэ щытати, гъэсакІуэу кхыхиар СССР-м боксымкІэ щІыхь зиІэ и тренер Огуренков Викторт. АбыкІэ жысІэну сызыхуейращи: Мурадин зыгъэр зригъэхъулІэну игу къэкІамэ, лъэныкъуэкІэ щыт щІыхуэхм захуигъаззрэтэкъым, атІэ дзэыхьэхам увыпІэфІ щызыІыгъэмрэ Іуэхум нэхъ хэзыщІыкІэмрэ ябгъэдыхьэрт.

КЪУМАХУЭ Владимир, *мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор.*

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **КЪУМАХУЭ Аслъэнщ**.

Лъэужь дахэ

«Хуабжьу зыхэтщІащ СССР-мрэ УФ-мрэ я еджагъэшхуэ щэджащэ, къызэгъэпэщакІуэ гъэзэджэ, езыр зэрыгушхуэу щыта и щыхэ дахащэм, къызыхэкІа лъэпкъ щхьэм я къуэ пэж Къумахуэ Мурадин игъэнэмысу дунейм зэрехьажар.

АБы физикэм и щхэхуэм сыхьэт бжьыгъэкІэ я гугъу ищІыфынут, нэхъ дызыхэмызагъэхэр бзэ тыншкІэ къыдгурИуэфынут, щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэри гульытэншэу къыгъэнэнутхэьм.

Абы мурад инхэр сыт щыгъуи и куэдт, зэманым къигъэщІ политикэ зэхъэжкІынныгъэхэм зыдримыгъэхьэхыу, езым кхуэзщІиІэта лэжьыгъэшхуэм пэрытт, лъэпкъ зэхэгъэж зымыщІт. Мурадин гуапэу яГу кьинащ хуэзэу, Іуэху дзэзыІГъыу, и ныбжьэгъуу, и Іыхьлыуэ, и лэжьэгъуу щыта псоми. Физикэ щІэныгъэм и мызакъуэу, абы егъэщІыпІа нэгъуэщІ къудамэхэм лъэужь дахэ кхуэхэзына цІыкум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэри езыр кхъызыхэкІа лъэпкъри иригушхуэ хъунущ.

АВАКЯН Роберт, *Армением ЩІэныгъэхэмкІэ и лъэпкъ академием хэт.*

И зи чэзу саугъэтыр къыщІатым. *2012 гъэ*

Курчатовым и цІэр зезыхьэ институтым и советым къыщопсалъэ. *1995 гъэ*

Зихуэдэ щымыІэ абы и къэхутэныгъэхэр

Къумахуэ Мурадин лэжьыгъэр хьэлэлу икІи гупсысэ хэлъу езыхьэкІ дэтхэнэми дэІэпыкъурт, зыпэрыт Іэнатіэм гуащІэ нэхъыбэ хэзылъхьэхэр игъэпажэрт, гуапагъэр и нэгум къищу, тыгъэ цІыкІуэхэр щыгъуу лэжьакІуэ къыззрыгуэкІым деж щІыхьэнти, къыщалъхуа и махуэмкІэ ехьэхъэнт, нэгузыужь зэхъыхьэхэр щІэхщІэхъуэрэ къыззригъэпэщырт.

КЪУМАХУЭР апхуэдизкІэ фІыуэ къалъэгъуэрти, конструктор Іэнатіэм щылажьэхэр гуфІэгъуэ Іэнэ щыпэрытІысхьэкІэ хъуахъуэрт: «Ди Мурадин Тхъэшхуэм тхуигъэузынщэ! Ахъшэ и куэдуи сыт щыгъуи щрет!» - жаІэрти. А псалъэхэм фэрыщІыгъэ лъэпкъ зэрахэмыльым зыми шэч къытрихьэртэкъым, ахэр апхуэдизу гум ехуэбылІэрти...

Мурадин иригушхуэрт щІэныгъэ лэжьыгъэм щиІа и ехъулІэныгъэхэм я нэхъыбапІэр совет лъэхъэнэм зэрырихьэлІам икІи езыр, ди жагъуэ зэрыхъунци, иджы щымыІэж соВет школым и физикхэм зэращыщым. Хуабжьу гущІыхьэ тщхъу зихуэдэ щымыІэ абы и къэхутэныгъэхэм Урысеищ Іэм хуэфащэ гульытэ зэрыщамыгъуэтар. Ахэр щІэгъэкъуэнырі хьунут ЩІы хъурейм тет, технологие лъагэ зиІэ къэралхэм дахьихьэнымкІэ.

ОЗЕРОВ Виктор,
Рентген оптикэмкІэ институтым и конструктор къудамэм и унафэщІ.

Абы къызэІуиха унэтІыныгъэм ноби сыщолажьэ

Германием и Дрезден къалэм 1999 гъэм щекІуэкІа «Intern. Conf. IonBeamAnalysis-14» конференцым сызыщыхуэза физик цІэрыІуэ Джон Дэвис къызжиІауэ щыта псалъэхэр мыбдежым къыщыщхьэсынут: «И купщІэкІэ, къызэщІиубыдэ и лъэныкъуэкІэ къэхутэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм я махуэгъэпсыр щызэхэслъхьэм, Урысей къэралыгъуэми дуней псоми щІэрыІуэ щыхъуа, зи зэхуэхьыр лъагэ, гупсысэ куу зыбгъэдэлъ щІэныгъэлІхэм Къумахуэ Мурадин яхэзбжэри, «К» хьэрфым хуэзэу «Къумахуэм и нур» зыфІащар ихтащ».

ТАШЛЫКОВ Игорь, *физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, Белорус къэрал педагогикэ университетым и профессор.*

Нобель и саугъэтыр тІэунейрэ къратакъым

Мурадин, щІэныгъэр лъабжьэ зыхуищІри, къихутащ зэщІэуэздэ мэскъалым и нэщэнэ псори зыбгъэдэлъ, бгъуэзэрыкІуэ нур лІэужьыгъуэщІэ лъащ. «Къумахуэм и эффект» жыхуаІэм кристаллофизикэмрэ радиационнэ физикэмрэ я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр наІуэщ. Ар къагъэсэбэп монокристаллхэм я атом потенциалыр зыхуэдэр къэзыпщытэхэми.

КРИСТАЛЛЫМ и атомхэм я джэлэсхэр здэгъэзамкІэ яутІыпщ электронхэм альэандэрэ дунейпсо щІэныгъэр зыщымыгъуазэу щыта нур лІэужьыгъуэщІэ къэхъэзыикІыу щІедзэ. Ар ещхьыкІым ипэкІэ къагъэтахэм.

КІуэлІэ хэгъэунэхуКІамкІэ яутІыпщ электронхэмрэ позитронхэмрэ нур лІэужьыгъуэщІэ къаззрихьэкІыу зауэм щашам и ныбжьыр илъэс 50-м щІигъуа къудейт. Башир, Мухьэдин, МуІэед, Анусэ, Тося, Мурадин сымэ я адэм къигъэззэжакъым.

Зы илъэс иримыкъукІэ 8-нэ классым дыщыззеджауэ щытащ Мурадинрэ сэрэ. Абы и лъакъуэр икъутэри, Долинск щыІэ «Лесная школа» сабий санаторэм илъэситІкІэ и еджэным щыпищауэ щытащ. Ауэ щІалэр узым текІуащ: абы хуэм-хуэмурэ зриІэсэжащ япэщІыкІэ къэтІысыфу, иужькІэ къэтэджэрэ щытыфу, къикІухьыфу. Унэм къигъэззэжа щхьэкІэ, абы иджыри хуиту зигъэхъей хъуртэкъым.

Мурадин гугъу ехьырт. АрщхьэкІэ, сыт щыгъуи хуэдэу, КІуэз зыми хуидэртэкъым щІалэ цІыкІур мыхъужьыкІэ шэч ищІу.

«Анэм хэлъ апхуэдэ фІэщхъуныгъэм езы Мурадин и ерыщагъыр къыхьихьэжри, щІалэ цІыкІур къызэрфІэувэжащ» жыпІэми егъэлея хъуну къыщІэкІынкъым. АрщхьэкІэ, и ныбжьэгъуэхм зэхаублэ джэгуэм хьыжэу дзыхь имыщІ хъуати, зэштеГъэпІэу иІэр тхылъ закъуэрат. Пэжщ, Мурадин ипэхэми тхылъхэр фІыуэ иІыгъурт. Ауэ иджы кьыпэщІэхуэр нэхъ ерыщу щІиджыкІ хъуат.

Абы къыдэкІуэри, Мурадин и хьэлэгъу ныбжьэгъуэхм закъыкІэримыгъэхун папщІэ, и Іэпкъльэпкъэр «ипсахьу» хуежьащ. Куэд дэмыкІыу, школым щІэс цІыкІуэхм льэнкІи къэжэнкІи ятекІуэу ежьэжащ. А псом я гущІыІужкІэ, щІалэ пІащхэжми тІэкІу щІыкІуІуэхэми Іапщарыбанэкіэ ятекІуэу щытащ. ГъащІэгъуэнкъэ атІэ ар, еджэным зэрыхэззагъэм и мызакъуэу, «сысымэджащ, сыгуащІэмащІэщ» жимыІэу, езым нэхърэ нэхъ инхэр Іэкіэ игъэтІылъыфу зэрыщытар.

КЪУМАХУЭ Борис.
Лэскэн Етіуанэ къуажэ.

ЩІэныгъэлІхэу Къумахуэхэ Мурадин, Башир, Іэдил. Мэзкуу и Іэгуэблагъэ. *2002 гъэ*

Мурадин, Курчатовым и цІэр зезыхьэ центрым и унафэщІ Велихов Евгенийрэ езым и лэжьэгъуэмрэ и гъусэу. *1989 гъэ*

Мурадин къыбгъэдэтщ и къэхутэныгъэхэр пхыгъэкІынымкІэ къыдэІэпыкъуу щыта шейх Джамил. *2008 гъэ*

Нэхъыщхьэр сыт щыгъуи къыхуэубыдырт

Иджыпсту хуэдэу сощІэж Мурадин егъэлеяуэ набдзэгубдзаплъэу, нэхъыщхьэр сыт щыгъуи къыхуэубыдыр зэрыщытар. 70 гъэхэм я КІэухым, Къумахуэм и теориер дунейм къыщытехьэм, ар пхыгъэкІынымкІэ щІэгъэкъуэн лъэщ хуауэ щытащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и вице-президент, атом энергиемкІэ институтым и унафэщІым и къуэдзэ Велихов Евгений.

ВЕЛИХОВЫМ лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ Къумахуэм и къэхутэныгъэр кьеГъэльэтэнымкІэ икІи абы теухуауэ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и президент **Александров Анатолий** къыІаха интервьюр «Комсомольская правда» газетым къытрыригъэдзауэ щытащ. А тхыгъэм хэтщ тхыдэм кхъэхэна мыпхуэдэ псалъэхэри: «ИкъукІэ гуапэщ Мэзкуу къэрал университетым щылажьэ физик Къумахуэ Мурадин зэщІэузэда мэскъалхэм кхъэбзиикІ нур лІэужьыгъуэщІэм и гъэпсыкІэр кхъэзрихутар».

... Сэ сыщыІауэ щытащ физик цІэрыІуэм и къэхутэныгъэхэм ятеухуауэ Іуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкІуэкІа конференцым. «Къумахуэм и нурым» щытепсэльыхьа а къэрал зэхуаку зэІущІэм езы Мурадини нэкІуат. Гу лъыстат, еджагъэшхуэм щІэрэ щІыхьрэ зэрыхуащІыр кърагъэлъагъуэу, адыгэхэм, балъкъэрхэм кхъэкІа гуп щхьэхуэхэр абы и дежэ зэпымыууэ кхъэзрыкІуэри. Апхуэдэхэм деж сызыбгъуритэтІысхьэри, кхъуеблагъэхэм езым и лэжьэгъуэ хуэдэу саригъэщІыхурт.

...Сыт щыгъуи сигу къокІыж дыщыздзлэжьа илъэсхэм сызыхуищІуйуэ щытахэри: лэжьыгъэр фІыуэ лъагъэм, гуапэщафэу щытын, уи мурадым упъэІэсын папщІэ зэуапІныгъэ пэлъын зэрэхуейр, нэгъуэщІхэри. Къумахуэ Мурадин пасэу тІэщІэкІащ. Абы иджыри куэд хуищІэфынут урысей, дунейпсо щІэныгъэм. Апхуэдэ цІыхухэм я фэеплъыр щІэх кІуэдыгнухэм ящыщкъым.

ТРИКАЛИНОС Христос, *Афины дэт университетым щІыхь зиІэ и профессор.*

Зыми емыщхь, псоми ефІэкІ

Школым щыщІэса ильэсхэм Мурадин философиеми дихьэхыр. Абы теухуа тхыльхэр къезыгъэхьу щытар Мэзкуу дэс и къуэш Мухьэдинт.

ЗэГУЭРЫМ Мурадин къыІэрыхьащ абы ипэкІэ зэи имылъэгъуа тхылъ - «Атомнэ ядром и физикэ» жыхуиІэр. Арагъэнущ езыгъэгупсысар щхьэкъэІэт имыІэу еджэн зэрыхуейми дяпэкІэ гъэщІагъэн куэд зэрызригъэщІэфынуми.

Кхуажэ школым фІыуэ зэрыщеджам и щапхъэщ мыри. Пушкин Александр усэкІэ ихта «Евгений Онегин» и романым триухуа сочиненэр Ленинград щрагъэкІуэкІауэ зэпеуэм хагъэхьати, зы щыуагъэм къыхамыгъэкІауэ, нэхъыбФІ дыдэхэми хабжауэ, къыргъэхьыжауэ щытащ.

Мурадин кърат дерсхэм теухуауэ езыгъаджэхэм щхьэхуэу ядэуэршэрын фІэфІт. Ярит упщІэхэм жэуап кърамытыжыфу ахэр щыхигъэгупсысыхь куэдрэ кхъэхурт.

Си кхуэшым дэслъэгъуауэ щыта хьэл-щэн нэхъыфІхэм ящыщщ, балигъ хьуауэ, щІэныгъэлІ цІэрыІуи къыщыкІауэ, къуажэм къыщыкІуэжхэм деж псэльэрйуэ зэрыщымытар. Къумахуэхэ дыззэдзгушыІэу дыщызэбгъэдэсхэм деж, кьыдбгъэдэтІысхьэни къыдэдаІуэу щысынт.

Телъыджэу дэслъэгъуахэм ящыщщ мыри: гушыІэ гуэр зэхедгъэхамэ, ину икІи зэрылъэлъу дыхьэшхырт.

Кхуэзрыгуэкі сэмэркъом апхуэдиз гукъыдэж кхыщІритым и щхьэусыгъуэр схуэзэкмыгъэкІыу куэдрэ сыщыззэупщІыжаи кхъэхуащ. Ауэрэ кхуэзгурыІуащ: Мэзкуу щыщыІэхэм деж, Мурадин и акъылыр нэхъыбэу зытриухуэу щытар щІэныгъэ лъагэм епха гупсысэхэрат. Арагъэнут, «кхуэзрыгуэкІ дунеим» - кхуэзнэхукІэ «щымыщхэр» телъыджащэ щыщІыхьэри зыхуэмыубыдыжу икІи гукІыгуКІыу щІэдыхьэшхри.

К ъ ы щ ы х ь эр ы Г у э ж х э м ифІэфІт диГуэсну. КхуэзэупщІырейт: «Мохэр дауэ хъуа, мыхэр дауэ щыт?» - жиІэрти. Зи гугъу ищІхэм я Іуэхуэр дэгъуэмэ, гъэзгу тэмэм кхуэхахауэ зэхихмэ, и гуапэ хъурт икІи хуабжьу гуфІэрт.

Мыри Мурадин хэлъа хьэл-щэн нэхъыфІхэм ящыщщ. Аспирантурэм щыщеджа ильэсхэм боксым дихьэхауэ щытати, гъэсакІуэу кхыхиар СССР-м боксымкІэ щІыхь зиІэ и тренер Огуренков Викторт. АбыкІэ жысІэну сызыхуейращи: Мурадин зыгъэр зригъэхъулІэну игу къэкІамэ, лъэныкъуэкІэ щыт щІыхуэхэм захуигъаззрэтэкъым, атІэ дзэыхьэхам увыпІэфІ щызыІыгъэмрэ Іуэхум нэхъ хэзыщІыкІэмрэ ябгъэдыхьэрт.

КЪУМАХУЭ Владимир, *мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор.*

Шэджэм щIыналъэ

Курыт школхэр къэзыухахэм къыхуэзрагъэпэщ гуфIэгъуэ пшыхьхэр, дэнэкIи хуэдэу, ди республикэми мы махуэхэм щокIуэкI. Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ а Iуэхугъуэхэм ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ нэмыщI, жыджэру хэтщ адэ-анэхэр, щIыпIэ унафэщIхэр, нэхъыжьыфIхэр.

ШЭДЖЭМ щIыналъэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ щIыпIэм и ныбжьыщIэхэм 11-нэ классыр къызэраухар. Абы теухуа гуфIэгъуэ пшыхь мэрем кIуам щекIуэкIащ Шэджэм районым и курыт школхэм. Пшыхьым ипэ къихуэу махуэм, мэкъуауэгъуэм и 23-м, Шэджэм къалэм дэт Щэнхабзэмкlэ уардэуэнэм щызэхуашэсащ школым зэрыщIэса ильэс 11-м къриубыдэу егъэджэныгъэм къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэр. Егъэджэныгъэм щаIа ехъулIэныгъэхэм, олимпиадэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщIтекIуэхэм папщIэ, дыщэ медалхэмрэ щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмрэ мы гъэм ираташ щIыхь 76-м. Абыхэм яхуэгъэпса гуфIэгъуэ зэхыхьэм район унафэщIхэм, егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ нэмыщI кърихьэлIат КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ.

- Ильэс 11-кIэ курыт школым фызэрыщеджар псыхэкIуадэ зэрымыхъуам, а зэманым къриубыдэу щIэныгъэ куу зэрызэвгъэгъуэтам и щIыхьэтщ нобэрей зэIущIэр, - жиIащ Егоровэ Татьянэ, ныбжьыщIэхэм захуигъаззу. - Сигуми си псэмкIэ къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу гъащIэм хувиIэ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къывзэхъулIэну, ди республикэр, къэралыр зэрыгушхэн цIыху къыфхэкIыну.

Парламентым и Унафэщ Iыр ехъуэхъуащ зи гъэсэнхэм иригушхуэ егъэджакIуэхэми фIыщIэ ин яхуищIащ апхуэдэ сабийхэр зыпIа, зыгъэса адэ-анэхэми.

Бахъсэн щIыналъэ

11-нэ классыр ехъулIэныгъэ лъагэхэр яIэу къззыухэсм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэ Текlуашэ Артур. Районым къыбгъэдэкIыу абы ныбжьыщIэхэм яритащ щIыхь тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр. ФIыщIэ тхылъхэмкIэ ягъэпэжащ адэ-анэхэри.

ЕгъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI Iэрыпщэ Жаннэ къызэхуэсахэм махуэшхэмкIэ ехъуэхъуа нэужь, кIэщIу къытеувыIащ мыгъэрей къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэм. Абы зэрыжиIамкIэ, районым и курыт школхэр къэзыух щIыху 297-м ящыщу ныбжьыщIэ 23-м балл лъагэхэр (86-м къыщыщIэдзауэ 98-м нэс) къахьифащ урысыбзэмкIэ, литературэмкIэ, обществознаниемкIэ екIуэкIа зыуэ щыт къурал экзаменхэмкIэ. Ахэр ехъулIэныгъэфIщ.

ЛЭСКЭН ЩIЫНАЛЪЭМИ щекIуэкIащ апхуэдэ гуфIэгъуэ зэIущIэ. Администрацэм и унэм ирагъэблагъащ курыт школыр мы гъэм къзэыух ныбжьыщIи 154-м ящыщу 30. Еджэным щызыIэрагъахьа ехъулIэныгъэфIхэм, щIыналъэпсо, къэралпсо олимпиадэхэм пашэныгъэ къызэрыщацахьам папщIэ, абыхэм хуагъэфащащ медалхэр, щIыхь тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр.

Гуфlэгъуэ зэIущIэм хэтащ Лэскэн районым и администрацэм и Iэтащхьэ АфIэунэ Аслъэн, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI Мысрокъуэ Иринэ, курыт школхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр.

НыбжьыщIэхэм курыт школыр къыхэзрауухьм хуэщIа гуфIэгъуэ пшыхьхэр щекIуэкIащ БАХЪСЭН ЩIЫНАЛЪЭМИ. А пшыхьхэм щагъэлъэпIащ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр. Район, къуажэ администрацэхэм къабгъэдэкIыу абыхэм ираташ щIыхь тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр.

Бахъсэн районым хыхь жылэхэм дэт курыт школхэр мы гъэм къаухащ щIыху 429-м. Абыхэм ящыщу ныбжьыщIэ 72-м хуагъэфаща «Еджэным щIиэ ехъулIэныгъэхэм папщIэ» медалыр район администрацэм и унэм нобэ щратыжынущ. Абы ирагъэблагъэнущ а ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэри.

Еджэным къыхэжаныкIа ныбжьыщIэхэр щагъэлъэпIэ гуфIэгъуэ зэхьыгъэхэр ягъэдэхащ сабий творческэ гупхэм, республикэм и артист Шал Хъусен, КъБР-м и къэрал филармонием и солисткъ Тхъэзэплъ Залинэ, КъБКъУ-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и театр «Амикс» гупым и уэрэджыкIаку Насып Астемыр сымэ, нэгъуэщIхэри.

КЪАРДЭН Маритэ.

Лэскэн щIыналъэ

● Гуфlэгъуэ пшыхьхэр

Гъуэгу къежьапIэ

● Хъуэхъуэр

КъБР-м гъуэзджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысейм и Журналистхэм, Кинематографистхэм я союзхэм хэт, «Къэбэрдей-Балъкъэр» Къэрал телерадиокомпанием и телеоператор гупым и унафэщI Мамхэгъ Аслъэн Хьисэ и къуэм и ныбжьыр нобэ ильэс 70 ирокъу

ЗЭФIЭКI лъагэ зыбгъэдэлъ цIыху цIэрыIуэм, хэкупсэ нэсым, лэжьакIуэ емызэшым гу къабзэрэ псэ хьэлэлкIэ зыпэрыт Iэнатlэр ирехьэкIри, узыншагъэ быдэ иIэу, цIыху гулъытэ щымыщIэу, насыпыфIэу псэуну, и мурад псори къехъулIэну ди гуапэщ.

ПщIэ къыпхуэзыщI уи Iыхьлыхэмрэ ныбжьгъуэхэмрэ.

Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэ Дол Маринэ Антон и пхъум КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр къызэрыхуагъэфэщамкIэ дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI Маринэ! Гурэ псэкIэ уи лэжьыгъэм уэзрыпэрытыр, Iэзагъышхуэ зэрыббгъэдэлъыр, цIыху гуапэу уэзрыщытыр махуэ къэс ди нэгу щIокIри, уэ пхуэдэ унафэщI гумызагъэ дызэриIэм дрогушхуэ. Уи гъащIэ гъуэгуанэр Iуэхуфlхэмкlэ, ехъулIэныгъэхэмкIэ гъэнщIауэ, цIыху гъэщIэгъуэнхэм укъаухъуреихьу епхьэкIыну ди гуапэщ.

Уэри уи унагъуэ дахэми узыншагъэ, насып, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ фиIэну, къефхьэжьэ дэтхэнэ зы Iуэхури къывзхъулIэу фыпсэуну Тхьэм жиIэ!

Налшык къалэ дэт поликлиникэ №3-м и лэжьакIуэ гупыр.

● Япэ лъэбакъуэхэр

Элладэ куэдкIэ дыщогугъ

Сабийр цIыкIуухкIэ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ хэплъхьращ и гъащIэм къыщIыхуэщIхьэпэжри. Абы къыхэкIкIэ дэтхэнэ зы адэ-анэри яужь итщ я сабиигуэм е я щIалэгъуэм ямыIар я бынхэм ирагъэгъуэтыну, ирагъэлъагъуну.

АПХУЭДЭУ, мы тхыгъэр зытеухуа Къанкъуэщ Элладэ ильэсих щрикъум и адэ-анэми гугъэфIхэр хуаIэу ягъэкIуащ художественнэ гимнастикэм щыхуагъасэу Тэрч къалэм дэт «ЗыIыгъыкIэ екIу» спорт школым.

Ялэ маззхэм хъыджэбз цIыкIу гугъу зэрехьам шэч хэлъхьам. Абы зэрыщыIэ ильэситIым зыIэригъэхьаехъулIэныгъэхэмкIи мыгушхуэу къанэркъым и Iыхьлыхэр. А псори зи фIыщIэр Элладэ и ущиякIуэ, гъэсакIуэ, Урысей Федерацэм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер Щомахуэ Зинаидзщ. Ар сыт щыгъуи сабийхэм ящыгуфIыкIыу, дэтхэнэ зыми и гур хуэзIухарэ бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуигъэту, цIыкIуэр зытемыгушхуэну Iуэхугъуэ куэдым пигъэпэщыкIу апхуэдэщ. Аращ Зинаидэ и гъэсэн щIыкIуэм нэмыщI, адэ-анэхэми фIы дыдэу щIалъагъур.

Художественнэ гимнастикэм зыхуигъэсэн зэрыщIидзэрэ ильэситI фIэкIа мыхъуами, Элладэ зэхьэзэхуэ, зэпеуэ куэдым хэтащ икIиехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Иджыблагъэ Краснодар щекIуэкIа «Пкъы зэкIуж зиIэ цIыкIухэр» турнир зэIухам и саугъэт къихьащ, Налшык къалэ щекIуэкIа «ПкъыфIагъэ» гуп зэхьэзэхуэм ялэ увыпIэр къыщихьащ. Абыхэм нэмыщI ар щытекIуащ Тольятти, Псыхуабэ, Владикавказ, Налшык щекIуэкIа зэпеуэ куэдым.

2-нэ классыр фIы защIэкIэ къззыуха Элладэ тхылъ еджэнми адыгэ къафэми дехьэх. И классэгъуэми фIы дыдэу къалъагъу, езы цIыкIуми школым щекIуэкI зэхьэзэхуэхэм, пшыхьхэм хэтын фIэфIщ. «Хабзэ, гъэсэныгъэ екIу зэрыхэлъыр и IэдэбгъымкIэ пльагъуу апхуэдэщ Iуэху гуэрым щыпэрыувэкIэ», - жаIэ и егъэджакIуэхэм.

Зытеува гъуэгум темыкIыу, иришэжьа лъагъуэм хущIемыгъуэжу, и Iыхьлыхэм ярит гушхуэныгъэм хэхъуэ зэпыту, и мурад псори къехъулIэу псэуну дохъуэхъу Элладэ!

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Дзюдо

Къэралым и чемпионатым макIуэ

«Динамо» зэгухьэхьэныгъэм дзюдомкIэ и чемпионат иджыблагъэ Ижевск къалэм щызэхэтащ. Илъэс зыбжанэ лъандэрэ хэмытауэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и командэ къыхэхар абы итъэкIуащ цIыхуибл хъуэ икIи ехъулIэныгъэ хъарзынэ къыщахьащ.

ЩIыбЭНА гупхэм жэз медалхэр щызыIэрагъэхьащ килограмм 81-рэ зи хьэлъагъ Къущхьэ Джамбулатрэ килограмм 90-м нэс Мусэ Ахьмэдрэ икIи Урысейпсо чемпионатым хэтыну Iэмал ягъэтащ.

Ди республикэм дзюдомкIэ и школым и гъэсэнхэу, нэгъуэщI щIыналъэхэм я цIыкIэ бэна Туменов Муса (кг 100-м нэблагъэ) етIуанэ увыпIэр къихьащ, Хьэпцlэ Артур (кг 100-м щIигъу) жэзыр къыльысащ.

Псори зэхэту Ижевск дэт «Олимпиец» спорт уардэунэм и алэрыбгъухэм щыбэнащ Урысейм и хэгъуэгу 42-м къикIа дзюдоист 300-м щIигъу.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● Налшык

Сату щIыпIэ нэщIхэр лъэныкъуэ ирагъэз

Налшык къалэ администрацэм потребительскэ рынокымкIэ и Управленэм сату щIыпIэ цIыкIухэр (киоск-хэр) щIепщытыкI.

КъАЛЭ унафэщIхэм а сату щIыпIэхэр зейхэм мызэ-мытIэу жраIащ ягъэува пIаIэм фIэмыкIыу зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэн зэрыхуейр.

Управленэм и унафэщI Къущхьэ Мурат щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIа зэманым къриубыдэу къахуэгъуэтакъым павильонхэр зи Iэмащ Iэ илъхэм ящыщ куэдыр, и чэзум къекIуэлIахэм хабзэм тету зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэ.

Налшык и щIыналъэ администрацэм апхуэдэ сату щIыпIэхэр Iуех икIи ар зейхэм захуегъазэ Iуэхур и нэм намыгъэсу щхьэж и павильонхэр езым Iуахыжыну. Къапщтэмэ, иджыпсту Налшык дэтщ ябгына сату щIыпIэу 118-рэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лэскэн щIыналъэ

«ДыгъафIэ къалэм» зыщагъэпсэху

● Гъэмахуэ-2016

Творчествэмкlэ сабий академием, «ДыгъафIэ къалэм», гъунэжу иIэщ ныбжьыщIэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэужьыныкIэ Iэмал гъэзэджэхэр, Абы щыIэщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм къызэщIиубыща унэтIыныгъэ псоми хуэгъэпса гупжьейхэр, предмет хэхахэмкIэ кабинет щхьэхуэхэр.

ГЪЭМАХУЭМ и япэ мазэм академием къыщызэрагъэпэщащ икIи купщIафIэу щыдэлажьащ сабийхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ, ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм зыщрагъэужь, унэтIныныгъэ зыбжанэу зэущхьащIахуэ щыта гупхэр. Апхуэдэхэт «Псынэ» (ильэси 5 - 9 зи ныбжь сабийхэм папщIэ), «Іущыщ - «ДыгъафIэ къалэм» (ильэси 10 - 12 хъуэхм папщIэ), «Союз» (ильэс 13 - 16 зи ныбжьхэм папщIэ) гупхэр. Псори зэхэту абыхэм екIуэлIащ сабий 330-рэ. Я ныбжькIэ, ябгъэдэлъ зэфIэкIрэ зэчийрэ елъытауэ ахэр трагуэшащ гуп нэхъыщхьищым щылэжьа мастерскойхэм. Апхуэдэхэр 13 хъурти, дэтхэнэми щылэжьащ темэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэгъэпса гупжьей щIыкIуэри. Абыхэм ящыщщ «Сэ Урысей Федерацэм срицIыхущ», «Хэку зауэшхуэмрэ ди унагъуэмрэ», «Макъыщ1э», нэгъуэщIхэри.

Сабийхэм я ныбжьым елъытат ахэр зыхэху гупхэм къыщызэрагъэпэща лэжьыгъэхэри. Къапщтэмэ, нэхъыжьыуэхэр зэкIуэлIа «Союз» гупым егъэджакIуэхэр ядэлэжьащ робототехникэ, астрофизикэ, астрономие, энергетикэ, моделирование, конструирование, нанотехнологие унэтIныныгъэхэмкIэ. Нэхъ цIыкIу дыдэхэр зыхэта «Псынэ» гупым щыщ сабийхэр драгъэхьэхащ сурэт щIыным, пластилиным, тхылъымпIэм (папье-маше) хьэпшып цIыкIуфэкIуэхэр къыхэщIыкIыным, экологием, къафэмрэ уэрэдымрэ.

Академием екIуэлIа сабийхэр творческэ мастерскойхэм зэрыщылэжьам къыдэкIуэу, я нэгу зыщагъэужьащ республикэм и щIыпIэ хьэлэмэтхэм. Ахэр щыIащ КъБР-м и хэкурыдж музейм, ХьэтIохъущокъуэм и хадэм, кинотеатрхэм, республикэ зоопаркым, КъБКъУ-м и планетарийм, Аруан жылэм дэт автодромым, нэгъуэщI щIыпIэхэми. Апхуэдэу ахэр ирагъэблагъащ «ДыгъафIэ къалэм» щыIэ «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием (унафэщIыр Таз ФатIимэщ) и зэIущIэхэм.

Загъэпсэхуауэ, я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хагъэхъуауэ мазэр ягъэкIуащ ныбжьыщIэхэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылатIуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суэтехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутныныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къанщокъуэ Эллэ,** *редактору* **Уэрдокъуэ Женя,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэзбахьэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биту Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхъеящащ.

Газетым Iэ традзэн хуейр сыхьэт 20-м, щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.078 ● Заказ №919